

Eastern Shore Rural Health System, Inc.

OU GEN DWA

- Resevwa avèk konsiderasyon, respè e bon swen nan plas ki ansekirite.
- Respekte valè w ak kwayans w. ESRH pa jije, nan yon okin fason, ki baze sou laj, sèks, ras, orijin nasyonal, relijyon, oriyantasyon seksyèl, idantite seksyèl, oubyen kokobe.
- Prive konsènan swen medikal ou.
- Chwazi swen founisè preliminè ou (PCP). (Avèk kèk eksepsyon), e konnen non PCP w, enfimyè w e tout lòt mann kap travay nan sant medikal la.
- Resevwa konsèy medikal menm lè sant la fèmen, si sa necesè.
- Gen yon moun rete avèk ou pou sipò pandan randevou w la, amenske prezans yo ap deranje dwa, sekirite oubyen santé lòt moun.
- Resevwa enfòmasyon sou kondisyon santé w e ak sa w dwe atann. Konnen benefis ak risk tretman yo genyen.
- Enplike nan plan medikal w.
- Bay konsantman w avan yo kòmanse procedure oubyen tretman, oubyen toulede, eksepte nan ka ijans.
- Refize medikaman, tretman, oubyen procedure ke ESRH ofri, nan degre lalwa pèmèt. Fonise a ap ba w rezilta medikal si w ta refize medikaman, tretman, oubyen procedure.
- Kominikasyon w ka konprann. ESRH ap bay entèprèt pou moun ki pale an siy ak lòt lang si l necesè san peye. Si w gen pwoblèm wè, pale, tandè oubyen lòt andicap wap resevwa plis èd pou asire ke w jwenn swen pou tout bezwen medikal w.
- Fè yon deklarasyon direktiv (Kisa w ta vle pou lavi anka ke w pa ka pale) e chwazi yon moun ki pou pran desizyon medikal pou w si w pa kapab. Si w pa gen yon deklarasyon direktiv nou ka w enfòmasyon pou w fè youn.
- Resevwa enfòmasyon an detay sou sayo chaje w.
- Espere ke tout kominikasyon e dosye konsènan santé w rete prive e konfidansyèl, eksepte lè lalwa mande nou pou fè sa.
- Wè oubyen jwenn yon kopy dosye medikal ou apre w fin siyin pèmisyon pou sa.
- Mande yon lis non moun ke yo te voye enfòmasyon yo bay.
- Pale de enkyetid ou kosènan swen ou resevwa. Si w gen yon pwoblèm oubyen yon enkyetid, ou ka pale avèk founisè ou la, responsab enfimyè yo oubyen responsab sant la.

Ou responsab pou:

- Bay enfòmasyon ki konplè, korèk, e ki resan, sa gen ladann non ou, dat ou fèt, nimerò sosyal ou, asirans ou e anplwayè w.
- Siyin yon fòm enskripsyon, chak ane, dakò ke tout enfòmasyon yo korèk.
- Aksepte dwa ak responsabilite kliyan
- Rekonèt e aksepte regleman si w pa kenbe randevou.
- Bay ESRH yon kopy deklarasyon direktiv w (Kisa w ta vle pou lavi w anka ke w pa ka pale) si w gen youn.
- Bay enfòmasyon ki korèk sou santé w e istwa medikal ou, sa ge ladann alègy, eta santé kounye a, malady out e konn genyen, si w te konn etènè lopital, medikaman, vitamin, remèd fèy e nenpòt lòt bagay ki asosye ak santé w. Asire w ou inklu nenpòt risk sekirite w konnen.
- Mande kesyon lè w pa konprann enfòmasyon oubyen enstriksyon.
- Di PCP ou la si w panse ou pap ka swiv tretman an. Se w ki responsab pou rezilta a si w pa pran swen santé w, tretman ane plan sèvis la.
- Trete tout ESRHS travayè, lòt kliyan yo ak vizitè yo avèk respè e koutwazi, lè w obeyi tout regleman ESRHS yo aksekirite pratPratikveye kantite bri wap fè, prive ak kantite vizitè ou mennen.
- Kenbe randevou w, rive a lè e rele ofis la si w panse ou pap ka vin nan randevou a anakò avèk regleman nou sou randevou.
- Peye tout sèvis a lè, ke asirans ou pa peye, sa enklu copeyman. Copeyman se pou peye nan menm jou sèvis la.
- Gen transpòtasyon apre randevou w. ESRHS pa responsab kliyan apre sant la fèmen.